



Project
Hospitality



NYC

Office of Faith-Based
and Community
Partnerships



SOXLA BAYAAL NGIR KËRU JAAMUKAAY YALLA AK MBOOTAAAY BUY YËNGU CI WÀLLU NGËM (FAITH-BASED ORGANIZATION, FBO) LAAJ YUÑU JAGLEEL SAYTU LAQUKAAY YU NEGANDIKI

NYC mingi jàmarlok ab crise humanitaire bu metti lool, bi li ëpp **70,000** Ñaankat Asil Aksee jugee ci Amerig Latin ak Afrik Soowu Jant ci at yu mujj – ak ñeneen ñuy aksi ayu-bis bu mujj. Réso Laqukaay bu Jamp (Emergency Shelter Network) Sàrwiisi Lékélo Ngëm Tis Bu New York (New York Disaster Interfaith Services, NYDIS), rawatina ci lëkkaloo ak NYC, dina jagleel koppar bu toolu ci 50 laqukaay ci këru jaamukaay yalla yi, bu bépp cosaanu ngëm, ngir toppatoo 19 lali làqukaay ngir mag bu goor ci diiru 12 ba 24 weer yuy ñëw. Dañoo wara ubbi làqukaay yi 365 fan ci at mu nekk digante 7 waxtu ci ngoon ba 7 waxtu ci suba

Këru jaamukaay Yalla bu nekk wala Mbootaay buy yëngu ci wàllu ngëm dafa WARA am:

- 2+ Sangukaayi benn kabin (wala barab ak bëgg-bëggü samp ay sangukaay)
- Ab sistemu génnee lakk
- Barabu lekkukaay ak ab barab buñu jagleel man-manu joxe ay ñam yu méngook cosaan wi.
- Sàrwiisi xarañtéef ci kalaama, ñiy defal yalla ak liggeeykat yi (español, farañsé, farañsé Afrik-Soowu Jant, Wolof, ak yeneen)
- Man-manu feccaliay dëkkuwaay yu jaadu (yu mel ni soxlaay kalaama, diine ak jotiin)
- Barabi deñckaay ngir lalu xale (yuñuy lem), pótum kér wëliisu denc.

Fay: \$65 Guddi gu nekk Nit ku nekk ba ci \$35,500 weer wu nekk, awansu weer, fi ab dàll di dajalee depenses wala yile sàrwiis:

- Saytu mbir yi fi jota am ngir liggeeykat yi / ñiy defal yalla (ba ci lu yees \$1,400/weer wu nekk)
- Joxe ay conciergerie (\$100/Bis bu nekk wala \$3,100/weer)
- Benn lëkkalekatu laqukaay ci barab bi 7 waxtu ci ngoon ba 7 waxtu ci suba (\$30/waxtu wu nekk, andak njuréef yi) = \$11,000/weer)
- Benn nit buy toppatoo mbirum kaarànge ci NYS ci barab bi 7 waxtu ci ngoon ba 7 waxtu ci suba wala benn agent buy doxal yoon (\$360/bis wala ba ci \$11,000/ weer)
- Allocation wu poot (\$775/weer)
- Lekk: Réer bu tang bis bu nekk ak ndekki bu tang wala bu sédd (\$3.27 nit ku nekk repas bu nekk = \$4,000/weer)
- Ay bagass (\$1,000/weer)
- Bon wu Fóot ayu-bis bu nekk bu toll ci \$10 gan gu nekk (\$760/weer)
- Allocation wu Assurance (ba ci \$2000/weer)
- Wifi ak Tele ci fiil bu nekk ((\$165/weer)
- **Ab allocation wu jéfandikoo barab bi/sàrwiisi askan wi tolloo ak 25% ci mbooleem fere doxal yuñu wara fay weer wu nekk – ba ci \$9,500 weer wu nekk.**

Lan la Reso Laqukaay bi yore mbir yu jump NYDIS yi di joxe?

- Ndimbal bu jump 24/7
- Ab laqukaayu Saytu Liggéey (Shelter Operations Manager) NYDIS bi ñu jagleel tåggat ay liggeeykat/defalkati yalla, jumtukaay akit ndimbal ci wàllu xarala ngir toppatoo laqukaay yi: bokk na ci dalal gan yi, ndimbal ci defar ay faktir, ndimbalu barab ci ayu-bis bu nekk
- Dalalug ay gan ngir ñuy ñaan asil yépp ci laqukaay yi
- Ab ordinatér portaabal ngir def ci palaas yu dess akyuñu ocupéwul guddi gu nekk ak ngir jébbal ay néttam/formileer niñ ko bëggee
- Ab awansu liggeeyu weer ba ci \$35,500 ak Njëgu Jéfandikoo Bayaal ba ci \$9,500
- Lalu xale, Poot, Ñjegenaay, Sarbet/Njampee, ak Pootum saak
- Koffre deñckaay ak karnaar ngir gan gu nekk
- Ay subvention ngir yokk ay Duus
- Ab dem ak dikk jéfendiko MetroCard ngir gan gu nekk
- Ay royuwaayi kaarànge, poot, njaayum lekk ak, suko laajee, ay jaaykat

Ngir laaj lu aju ci nan lañuy def ngir jappale sunuy gan yu bees yu nekk ci crise ci teranga ak laqukaay bu wóor te nan ngay fay:

REmplir ANKET BUÑUY DEF CI NET BI:

<https://howalert.org/AsylumSeekerShelterSurvey>



Xibaari ñaankatu asiil

Anket bi dina tax ñu mëna xool ndax mën nga bokk ci ab kontaraa wu laqukaay. Remplir formileer bi du tax nga engagé wu ci lenn, yaw wala sa këru-liggeeyukaay ci leneen ludull abwaxtaanu gëstu.



Anketu ci net bi